

Gade ENSTRIKSYON YO nan paj 2.

## NON SANT GADRI TIMOUN NAN

Ekri an lèt detache non timoun ki enskri nan sant gadri sa.

1. \_\_\_\_\_ 2. \_\_\_\_\_ 3. \_\_\_\_\_

### Ranpli SEKSYON A a si gen yon moun nan fwaye ou ki

1. Patisipe nan Pwogram Èd Manje Sipleman tèt a (Supplemental Nutrition Assistance Program, SNAP).
2. Resevwa Èd Tanporè pou Fanmi ki nan Nesesite (Temporary Assistance for Needy Families, TANF)
3. Patisipe nan Pwogram Distribisyon Manje nan Rezèy Endyen yo (Food Distribution Program on Indian Reservations, FDPIR) OSWA
4. Se yon timoun ki nan fanmi akèy

#### SEKSYON A

Nimewo Dosye SNAP \_\_\_\_\_

Nimewo TANF \_\_\_\_\_

Nimewo FDPIR \_\_\_\_\_

Non timoun ki nan fanmi akèy yo

\_\_\_\_\_

**Yon adilt nan fanmi an dwe siyen aplikasyon an anvan nou kapab apwouve li.** Aprè ou fin li deklarasyon annapre a ak deklarasyon ki nan do a, siyen pi ba a.

Mwen konfime enfòmasyon pi wo a se laverite. Mwen konprann sant lan pral resevwa lajan federal ann amoni ak enfòmasyon mwen bay.

Siyati \_\_\_\_\_

Dat \_\_\_\_\_

### POU SANT GADRI A RANPLI

Nimewo Kontra CACFP \_\_\_\_\_

Kantite moun ki nan Fanmi an antou \_\_\_\_\_  
(SA GEN LADAN TIMOUN FANMI DAKÈY, SI SA APLIKAB)

Revni Total Fanmi an \$ \_\_\_\_\_

Gratis \_\_\_\_\_ Redwi \_\_\_\_\_ Peye \_\_\_\_\_

Dat Detèminasyon an \_\_\_\_\_

Siyati Anplwaye  
Sant lan \_\_\_\_\_

**Ranpli SEKSYON B a si pa gen moun nan fwaye** ou ki patisipe nan SNAP, resevwa TANF, patisipe nan FDPIR oswa si pa gen nan timoun ki enskri nan sant gadri a ki nan fanmi akèy.

#### SEKSYON B

Ekri non tout moun ki nan fanmi w pi ba a. Ou menm tou ak tout adilt ak timoun ou PA mete pi wo a, menm si yo pa resevwa okenn revni. Apresa mete **tout revni** fanmi ou resevwa Mwa pase a nan kolòn adwat la. Revni anvan taks gen ladan: lajan travay, pansyon, lajan retrèt, sekirite sosyal, sipò pou timoun, revni pèsoneyèl pou fanmi dakèy ak nenpòt lòt sous revni.

#### NON MANM FANMI ANSALÈ

#### SALÈ MANSYEL AV. TAKS

1. _____	\$ _____
2. _____	\$ _____
3. _____	\$ _____
4. _____	\$ _____
5. _____	\$ _____
6. _____	\$ _____
7. _____	\$ _____

**Yon adilt nan fanmi an dwe siyen aplikasyon an anvan nou kapab apwouve li.** Aprè ou fin li deklarasyon annapre a ak deklarasyon ki nan do a, siyen pi ba a.

Mwen konfime enfòmasyon pi wo a se laverite e mwen rapòte tout revni yo. Mwen konprann sant lan pral resevwa lajan federal ann amoni ak enfòmasyon mwen bay.

Siyati \_\_\_\_\_

Ekri Non an ak lèt detache \_\_\_\_\_

KAT (4) DÈNYE  
CHIF NIMEWO  
SEKIRITE SOSYAL

--	--	--	--

Dat \_\_\_\_\_

Enstitisyon sa a bay tout moun menm posiblite.

**Deklarasyon Lwa sou Pwoteksyon Entimite** The Richard B. Russell National School Lunch Act egzije pou w bay enfòmasyon ki nan fòm sa a. Ou pa oblije bay enfòmasyon an, men si ou pa fè sa, nou pap kapab apwouve patisipan an pou l jwenn repa gratis oswa ak yon pri redui. Ou dwe mete kat dènye chif nimewo sekirite sosyal adilt nan fanmi ki siyen fòm la. Nou pa egzije nimewo sekirite sosyal lè ou: aplike sou non yon timoun fanmi dakèy; bay yon nimewo SNAP, TANF oswa FDPIR; oswa lè ou mansyone adilt nan fanmi k ap siyen fòmilè a pa gen yon nimewo sekirite sosyal. N ap itilize enfòmasyon ou pou gade si sant lan kalifye pou ranbousman pou repa gratis oswa repa a pri redui ak pou administrasyon ak aplikasyon pwogram nan.

### **ENSTRIKSYON POU RANPLI FÒM DOH-3688 LA**

#### **Definisyon Revni:**

Revni vle di revni anvan dediksyon pou taks sou revni, taks sekirite sosyal, prim asirans, kontribisyon pou zèv charite ak lajan obligasyon, elatriye. Tanpri mete sa ki annapre yo: (1) Konpansasyon sou fòm lajan pou sèvis yo, sa gen ladan, revni, salè, komisyon oswa frè; (2) revni aprè taks pou travay endepandan ki pa agrikòl; (3) revni aprè taks pou travay agrikòl; (4) pèman sekirite sosyal; (5) dividand oswa enterè sou epay oswa obligasyon, revni sou imobilye oswa fondasyon oswa revni lokatif; (6) konpansasyon chomaj; (7) pèman pou retrèt yon anlwaye sivil gouvènman an oswa yon militè, oswa pansyon oswa pèman pou yon ansyen konbatan; (8) pansyon ou revni prive; (9) pansyon alimantè oswa pèman sipò pou timoun; (10) kontribisyon abityèl nan men moun ki pap viv nan kay la; (11) redevans nèt; (12) avantaj militè resevwa sou fòm kach tankou alokasyon pou lojman eksepte si ou patisipe nan yon Inisyativ Privatizasyon pou lojman militè; ak (13) nenpòt lòt revni sou fòm kach.

#### **Definisyon Fwaye**

Fwaye vle di *fanmi*, jan yo defini sa nan 7 CRF 22.6.2. *Fanmi* vle di yon gwoup moun ki gen menm san oswa ki pa gen menm san ki pa abite nan yon enstitisyon oswa nan yon pansyon fanmi, men ki abite nan yon kay.

### **ENSTRIKSYON POU PARAN OSWA RESPONSAB LEGAL**

Ekri non sant gadri timoun nan nan espas yo mete pou sa.

Ekri an lèt detache non chak timoun nan fanmi ou ki ale nan sant gadri sa.

**SEKSYON A:** Si gen yon moun nan fanmi ou ki nan Pwogram Èd Manje Sipleman (SNAP), ki resevwa Èd Tanporè pou Fanmi ki nan Nesesite (TANF) oswa patisipe nan Pwogram Distribisyon Manje nan Rezèv Endyen (FDPIR), ranpli seksyon A a sèlman. Ekri nimewo SNAP, TANF oswa FDPIR (pa itilize nimewo sipò timoun ACS oswa DSS ou a) Apresa siyen epi ekri dat la sou fòmilè a epi voye li tounen bay sant gadri a.

**Timoun fanmi dakèy:** Si fanmi ou gen yon timoun fanmi dakèy ki nan gadri, ekri non timoun fanmi dakèy yo.

**SEKSYON B:** Ranpli seksyon sa a si ou pa t ranpli Seksyon A a. Ekri non ou ak non tout adilt ak timoun k ap viv lakay ou, sa gen ladan moun ki pa fanmi w, menm si yo pa gen okenn revni. Pa mete timoun ki nan gadri ki deja gen non yo nan tèt fòm la.

Ekri moman revni chak moun resevwa **mwa pase**, anvan taks oswa anvan yo retire anyen nan lajan an. Ale nan Definisyon Revni ak Definisyon Fwaye, pi wo a. Si gen yon montan mwa pase a ki te plis oswa mwens pase montan nòmal la, ekri revni nòmal moun sa.

Tanpri bay sèlman kat dènye chif nimewo Sekirite Sosyal ou a: si ou pa gen yon nimewo sekirite sosyal, ekri *okenn*. Yon adilt nan fanmi an dwe siyen fòmilè a.

### **ENSTRIKSYON POU SPONSÒ AK SANT**

**Seksyon Pou Gadri a ranpli sponso a oswa anlwaye sant lan dwe ranpli, siyen epi ekri dat la.** Reprezantan sponso / sant lan dwe revize fòm kalifikasyon revni epi asire l yo ranpli li nèt jan sa mansyone nan enstriksyon pi wo yo. Apresa mansyone sa ki annapre yo:

#### **Nimewo Kontra CACFP a.**

**Kantite moun ki nan Fanmi an** – li pa nesèsè pou ranpli pati sa a si paran an te ranpli Seksyon A. Mete sa yo nan Seksyon B (si li ranpli) pou timoun ki enskri nan gadri ak kantite timoun fanmi akèy, si sa aplikab.

**Revni Total Fanmi an** – li pa nesèsè pou ranpli pati sa a si paran an te ranpli Seksyon A. Mansyone revni total chak mwa kalkile apati Seksyon B a. Si paran an chwazi pou l pa di revni li, yo dwe mete fòm la nan kategori *peye*.

**Kantite ki Gratis, a Pri Redui oswa Peye** – Konpare revni total fanmi an e kantite moun antou nan fanmi an ak Kritè sou Kalifikasyon Revni pou ane aktyèl la (CACFP-3687) pou wè si fanmi an ta dwe nan kategori **Gratis, a Pri Redwi or Peye**. Itilize bon kolòn nan CACFP-3687 pou kategorize revni yo. Pa egzanp, si paran an te endike revni chak de semèn, multipliyè montan yo pa 26 pou jwenn revni anyèl la.

Fòm ki pa fin ranpli yo (pa gen siyati, enfòmasyon revni, kat dènye chif Nimewo Sekirite Sosyal oswa nimewo SNAP, TANF oswa FDPIR) kategorize nan pati peye.

**Fòm kalifikasyon revni valab jiska dènye jou nan mwa a, nan ane a konplè apre dat manm fanmi an fin siyen li an.** Pa egzanp, yon fòm ki siyen nan dat 12 Me 2023 ap rete valab jiska 31 Me 2024.